

Gid Pibliye Pou ede Òganizasyon Depatman an Soutni Bay Moun ak Konesans Angle Limite yo Bon Jan Aksè

Biwo Dwa Sivil ak Libète Sivil la (CRCL) kontan pou anonse Depatman Sekirite Nasyonal la te pibliye yon nouvo Gid pou Benefisyè asistans finansyè Depatman Sekirite Nasyonal la nan Rejis Federal la. Objektif Gid la se pou ede ajans ki fè aktivite Depatman an soutni yo konprann ak mete obligasyon yo sou Tit VI nan Lwa Dwa Sivil 1964 la an aplikasyon kote yo founi bon jan aksè pou moun ak konesans angle limite (LEP).

Tit VI ak regleman li yo entèdi benefisyè ki resevwa asistans federal finansyè yo dirije pwogram yo yon fason kote li kapab fè diskriminasyon kont moun akòz de ras, koulè ak orijin nasyonal yo. Depi lontan entèpretasyon lwa a ak règ li yo mande pou pran etap rezonab pou ofri asistans langaj etranje si li nesèsè pou bay moun LEP yo bon jan aksè. Egzijans sa a egziste depi plizyè ane - men pou ede plizyè mil ajans ak òganizasyon ki resevwa soutyen finansyè nan men Depatman an konfòme, Depatman an te redije yon Gid ki te pibliye nan Rejis Federal la.

Depatman an founi asistans bay ajans ak òganizasyon ki asosye ak nou pou ekzekite misyon sekirite nasyonal enpòtan nou an - anpeche teworis ak amelyore sekirite; pwoteje ak jere fontyè nou yo; mete lwa imigrasyon nou yo an aplikasyon ak jere yo; pwoteje entènèt la; asire andirans kont dezaz. Li enpòtan pou sekirite nasyonal ke pwogram ak sèvis sa yo ofri aksesib pou tout moun yo travay ak yo, kèlkeswa nivo angle moun nan. Se sak fè, benefisyè soutyen finansyè Depatman Sekirite Nasyonal la dwe pran etap rezonab pou asire ke moun LEP yo jwenn bon jan aksè ak pwogram avèk aktivite yo.

Egzanp benefisyè lajan se tankou : ajans jesyon ijans lokal ak eta yo, depatman ponpye ak lapolis, ak lòt depatman gouvènmantal oubyen non-gouvènmantal ki resevwa soutyen. Kote ki resevwa anpil asistans tankou fòmasyon ak ekipman òdinatè kouvri tou. (Plizyè nan kote sa yo, kit se depatman gouvènman lokal ak eta oubyen òganizasyon non-gouvènmantal, genyen kouvèti egzijans LEP konsa tout akòz de lòt asistans federal finansyè yo resevwa nan men lòt ajans.) Gid sa a sanble anpil ak gid lòt ajans ap entwodwi, kòmanse ak Depatman Jistis la (DOJ) an 2002.

Jan nou eksplike nan Gid LEP an, lè y ap detèmine kilè ak ki jan pou bay sèvis langaj tankou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon, premye etap pou yon kote ki kouvri se fè yon evalyasyon pèsonalize ki egzamine kat faktè sa yo:

1. Kantite ak pwopòsyon moun LEP ki elijib yo bay sèvis oubyen genyen chans kontre;
2. Konbyen fwa yo kontre moun ki LEP yo;
3. Nati ak enpòtans pwogram, aktivite, ak sèvis ki ofri yo;
4. resous ki disponib pou benefisyè a ak kantite lajan l ap koute pou bay sèvis la.

Tès kat pati sa a, ki te site premyèman nan Gid LEP Depatman Jistis la, site kritè DHS pral itilize nan evalyasyon konfòmite benefisyè yo ak Tit VI.

CRCL kapab ofri sèvis teknik sou aksè langaj bay benefisyè soutyen Depatman an.

CRCL kontan ap travay ak Pati Depatman an ak ajans ak kote yo soutni ak asistans finansyè yo - epi ak endividi ak kominote yo ki benefisyè de pwogram yo - pou pran etap rezonab ki se pou bay bonjan aksè ak aktivite ki resevwa soutyen federal yo bay moun ak konesans angle limite.

An menm tan, CRCL pral travay atravè Depatman an pou amelyore aksè ak langaj nan pwòp pwogram li yo, epi depatman an pral kontinye soutni pwogram pou nouvo imigran ak lòt moun aprann angle.